


NeMutungamiri Henry B. Eyring

Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga



Murangarire Nguva Dzose

Ungafungidzire here neni muporofita Moronai achinyora mazwi ekupedzisira eBhuku raMormoni pamahwendefa egoridhe? Akanga ariega. Akanga aona nyika yake, vanhu vake, uye mhuri yake vachipunzika. Nyika yakanga “iri denderedzwa rimwechete rinoenderera” rehondo (Mormoni 8:8). Asi zvakadaro aive netariro, nokuti akanga aona zuva redu! Uye pazvinhu zvose zvaangadai akanyora, akatikoka kuti *tirangarire* (ona Moronai 10:3).

Mutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985) vaifarira kudzidzisa kuti izwi rinokoshesesa mudura mazwi ringa-ngova *rangarira*. Nokuti takaita zvbvumirano naMwari, vakati, “faniro yedu hurusa ndeyekuvarangarira.”¹

Unokwanisa kuwana izwi rinoti *rangarira* nemumagwaro matsvene mese. Apo Nifai paaitiura madzikoma ake, kazhinji aivakoka kuti varangarire mazwi aIshe uye varangarire maponeserwo akaitwa madzitateguru avo naMwari (ona 1 Nifai 15:11, 25; 17:40).

Munhaurwa huru yake yeruoneko, Mambo Benjamini akashandisa izwi rinoti *rangarira* kanomwe. Aivimba kuti vanhu vake vaizorangarira “hukuru hwaMwari . . . noku-naka kwavo nomwoyo murefu wavo” kwavari (Mosaya 4:11; onawo 2:41; 4:28, 30; 5:11-12).

Apo Muponesi paakatanga sakaramende, Akakoka vadzidzi Vake kuti vadye nokunwa zviratidzo zvayo “mukurangarira” kuzvipira Kwake (Ruka 22:19). Mumunamato wega wega wesakaramende uyo iwe neni watino-nzwa, izwi rinot *inguva dzose* rinoteverwa neizwi rinoti *rangarira* (ona D&Z 20:77, 79).

Shoko rangu ndere kukoka, kunyange kuteterera, kuti tirangarire. Haano mazano matatu pamusoro peizvo zva-ungarangarira svondo rega rega apo paunodya nokunwa zviratidzo zvinoera zvesakaramende. Ndinovimba achaku-batsira, sekubatsira kwaanondiita.

Rangarira Jesu Kristu

Kutanga, rangarira Muponesi. Rangarira zvaAkanga ari apo paaiva panyika, matauriro aAiita kune vamwe, uye maratidziro aAiita tsitsi muzviito Zvake. Rangarira avo vaAipedza nguva navo uye izvo zvaAkadzidzisa. Muponesi “aipote nyika achiita zvakanaka” (Mabasa AvaApositora 10:38). Aishanyira vanorwara. Akanga akazvipira kuita chido chaBaba Vake.

Pamusoro pazvose, tinokwanisa kurangarira muripo mukuru waAkaripa, nokuda kwerudo Rwake kwatiri, kubvisa vara rezvivi zvedu. Apo patinoMurangarira, chido chedu chekuMutevera chinokura. Tinozoda kunyanya kuva netsitsi, kunyanya kuregerera, uye tonyanya kuda kutsvaga chido chaMwari uye nokuchiita.

Rangarira Zvaunofanira Kuita Zvirinani

Zvakaoma kurangarira Muponesi—utsvene neururami Hwake—tisingafungewo utera nekusarurama kwatinako mukuenzaniswa Naye. Takaita zvbvumirano zvekuteera mirairo Yake, asi kazhinji tinotadza kuzadzisa mwero wepamusoro-soro uyu. Asi Muponesi aiziva kuti izvi zvai-zoitika, chinova ndicho chikonzero chaAkatipira chisungo chesakaramende.

Sakaramende ine mavambo ayo mutsika yeTestamende yaKare yekupira mipiro, iyo yaisanganisira kureururwa kwechivi (ona Revitiko 5:5). Hatichapira mhuka sezvai-itwa kare, asi tinokwanisa kusiya zvivi zvedu. Magwaro matsvene anodaidza izvi kuti kupira “kwemwoyo waka-tyoka nemweya wakapfava” (3 Nifai 9:20). Uya kusaka-ramende nemwoyo une chido chekutendeuka (ona D&Z 59:12; Moronai 6:2). Apo pamunoita izvozvo, munozowa-na ruregerero rwezvivi uye hamuzotsauki kubva munzira inotungamirira kudzokera kuna Mwari.

Rangarira Kufambira Mberi Kwauri Kuita

Apo paunoongorora upenyu hwako panguva yechisu-ngo chesakaramende, ndinovimba kuti pfungwa dzako dzinonanga kwete chete pazvinhu zvawakaita zvisina kunaka asiwo pazvinhu zvawakaita zvakanaka—panguva idzo dzawakanzwa kuti Baba Vekudenga neMuponesi vakafadzwa newe. Unokwanisa kutora chinguva panguva yesakaramende kukumbira Mwari kuti vakubatsire kuona zvinhu izvi. Kana ukadaro, ndinovimbisa kuti unozonzwa chimwe chinhu. Unozonzwa tariro.

Apo pandinoita izvi, Mweya unondisimbisa kuti kunyange ndichiri kure nekuva akarurama, ndirinani nhasi pane zvandave nezuro. Uye izvi zvinondipa vimbo yekuti, nokuda kwe-Muponesi, ndinokwanisa kunyanya kuva nani mangwana.

Nguva dzose inguva yakareba, uye inoratidza kuedza kuzhinji kusingazunguzike. Unoziva kubva pazviitiko zvakasangana nazvo kuoma kwazvakaita kuramba uchingofunga chinhu chimwechete nguva dzose. Asi zvisinei nekuti ungachengeta zvakanaka sei vimbiso yako yekuMurangarira nguva dzose, Iye anogara achikurangarira.

Muponesi anoziva zvinetso zvako. Anoziva zvazvakaita kuva nemitoro yeupenyu ichikuremera. Anoziva madiro aunoita kuwana nekukurumidza ropafadzo rinouya kubva pakuMurangarira nguva dzose nekuMuteerera—“kuti [iwe] ugove *nguva dzose* neMweya wake [uineve]” (D&Z 20:77; kusimbisa kwakawedzerwa).

Nokudaro, Anokutambirazve kutafura yesakaramende svondo rega rega, zvakare achikupa mukana wekupupura pamberi Pake kuti unozoMurangarira nguva dzose.

CHINYORWA

1. Spencer W. Kimball, “Circles of Exaltation” (nhaurwa kuvadzidzisi vechitendero veChurch Educational System, Chikumi 28, 1968), 5.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Upenyu hunokwanisa kuva bishi bishi uye zvova zvinotinetisa kurangarira nguva dzose Muponesi wedu Jesu Kristu. Sakaramende, zvisinei, inopa nguva yakakosha svondo rega rega apo patinokwanisa kufunga pamusoro peupenyu Hwake nedzidziso Dzake. Neavo vamundzidzisa kumba, funga mashandisiro amunoita nguva dzerunyararo idzodzo iyezvino, uye mokurukura kuti mungakwanise sei kuwedzera nangiso dzenyu paMuponesi. Ungakwanise sei kushandisa nguva idzodzo kufunga pamusoro pezvinhu zvaunokwanisa kunatsa iwe pachako? Zvakakosha sei kurangarira mafambiro mberi aunoita svondo rega rega?

VECHIDIKI

Zvinhu Zvitatu zveKurangarira

Izwi rinoti *rangarirai* rinooneka kakawanda muBhuku raMormoni. Nifai akakurudzira madzikoma ake kuti varangarire maponeserwo akaitwa madzitateguru avo naMwari. Mambo Benjamini akakumbira vanhu vake kuti varangarire hukuru hwaMwari. Uye Moronai akaraira vaverengi vake kuti varangarire kuti Ishe vane tsitsi sei.

Kurangarira Muponesi kwakakosha—tinoita nyange chibvumirano chekumurangarira nguva yega yega yatinatora sakaramende. Mutungamiri Eyring vanotikoka kurangarira izvi zvinhu zvitatu panguva yesakaramende:

1. **Rangarira Jesu Kristu:** Verenga magwaro matsvene pamusoro pekuti Muponesi akashandira uye akaratidza rudo sei kune vamwe. Unonzwa sei rudo Rwake? Unokwanisa kushandira nekuratidza rudo sei kune vamwe sezvakaita Muponesi?
2. **Rangarira izvo zvaunofanira kuita zvirinani:** Funga pamusoro pesvondo rakapfuura rako nechido chekutendeuka. Sarudza chinhu chimwechete chaunokwanisa kushandura, uye nyora pasi manatsiro auchachiita. Isa chinangwa chako pamwe panhu paunozochiona nguva zhinji.
3. **Rangarira mafambiro mberi auri kuita:** Kumbira Mwari kuti vakubatsire kuona kufambira mberi kwakanaka kwauri kuita. Nyora manzwiwo aurikuita.

Hatina kurururama, asi Muponesi anozviziva izvo. Ndikokusaka Achitikumbira kuti tiMurangarire. Kumurangarira kunotipa tariro uye kunotibatsira kuti tide kunatsurudza. Kunyange panguva dzatinotadza kuMurangarira, Mutungamiri Eyring vanoti, “Anokurangarirai nguva dzose.”

“Rangarirai kuti Ishe vakaita tsitsi sei” (Moronai 10:3).

VANA

Kurangarira Jesu

Magwaro matvene anodzidzisa kuti tinofanira nguva dzose kurangarira Jesu Kristu. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kufunga neZvake *kazhinji* uye totevera muenzaniso Wake!

Isa mufananidzo waJesu pamwe panhu paunozouona kakawanda.

“Uye mukandirangarira nguva dzose muchave neMweya wangu kuti uve nemi” (3 Nifai 18:7).



Rutendo , Mhuri, Rubatsiro

Muzive Iye neMhuri Yake

Dzidziso yekushanyirana iri maererano nekusvika nemwoyo wako wose pakuziva nekuda sisita wega wega kuitira kuti tikwanise kubatsira kusimbisa rutendo rwake uye kupa mushando.

Rita Jeppeson nemudzidzisi wake wekushanyirana vava shamwari dzakanaka apo pavanoshanyirana nekugoverana misimbotti yevhange-ri. Asi kushanyirana kwavo kunosanganisirawo kutamba mitambo yemazwi pamwechete. Chinhu chinodiswisa naRita pamusoro pemudzidzisi wake wekushanyirana nokuti anoziva kuti ishamwari yake uye kushanya uku hakusi chete kwekungoti azoti “kushanya kwakazadziwa”. Pane zvinhu zvakawandisa zvinokwaniswa kuitwa nemasisita panguva dzekushanyirana, sezvakaita kuenda kukamufambo pamwechete kana kudzura masora mashoma mubindu apo vana pavanenge vachitamba.

Gosa Jeffery R. Holland veChikwata cheVaapostori vane Gumi neVaviri vakati: “Zvionei sevamiririri vaIshe kuvana Vavo. . . . Tinozovimba . . . kuti munozomisa nguva yehanya yechokwadi, iyo yakangana nevhangeri yenhengo,

muchiriritirana nekuchengetana, muchigadzirisa zvidikanwi zvemweya nezvenyama nenzira ipi zvayo inobatsira.”¹

Ishe nekuburikidza naMosesi vakaraira vana veIsraeri kuti “mutorwa ugere nemi ngaave kwamuri semunhu wakaberekwa pakati penyu, unofanira kumuda sezvaunozvaida iwe” (Revitiko 19:34). Masisita atinoshanyira angave “vatorwa” apo patinotanga mushando wedu, asi apo patinosvika pakumuziva iye nemhuri yake, chido chedu chinozowedzera “chekutakurirana mitoro, kuti ive inoreruka” uye kuita kuti “mwoyo yedu irukwe pamwechete mukubatana nokudanana” (Mosaya 16:8, 21).

Reyna I. Aburto, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hukuru hweChita cheRubatsiro, anorangarira paakanga ari nhengo itsva yeChechi ichangobva mukurambana nemurume. “Vadzidzisi vangu vekushanyirana vakauya kumba

kwangu,” akadaro, “uye vakaunza kumwoyo wangu manzwiwo anodziya ekuva mumwe wavo uye erudo”²

Funga Izvi

Mukati memhuri dzemasisita amunodzidzisa mukushanyirana, zvii zviitiko zvirikuuya zvamunofanira kuziva nekurangarira?

ZVIMWE ZVINYORWA

1. Jeffrey R. Holland, “Emissaries to the Church,” *Liahona*, Mbudzi 2016, 62.
2. Reyna I. Aburto, “What Has Relief Society Been for Me?” Brigham Young University Women’s Conference, Kubvumbi 5, 2017, LDS.org

Kushumira

Apo patinosvika pakuziva nekuda sisita wega wega nemhuri yake watinodzidzisa mukushanyirana, tinozogashira kurudziro yedu pachedu yekuziva madairiro ekuta kuzvidikanwi zvemweya nezvenyama zvemumwe nemumwe.